



Aprann Konn Dwa W Selon Konstitizyon Etazini an - Kèlkeswa Moun Ki Prezidan

Dènye mizajou mwa janvye 2025

Kèlkeswa moun ki prezidan, *tout moun k ap viv Ozetazini gen sèten dwa fondamantal* selon Konstitisyon Etazini an. Imigran ki pa gen papye yo gen dwa sa yo tou. Li enpòtan pou nou tout nou revandike ak pwoteje dwa fondamantal nou yo.

Si ou dwe fè fas ak Biwo Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) oswa lòt otorite ki responsab aplikasyon lalwa lakay ou, nan lari, oswa nenpòt lòt kote, sonje ou gen dwa ki dekri nan fich enfòmasyon sa a. Fich enfòmasyon an bay sijesyon tou sou sa ou ta dwe fè pou revandike dwa w.

- ▶ **Se dwa w pou rete an silans. Ou kapab refize pale ak ofisyé imigrasyon yo.**
 - ▶ Pa reponn okenn kesyon. Ou kapab di tou ke ou vle rete an silans.
 - ▶ Pa di anyen sou ki kote ou te fèt ni kijan ou te rantre Ozetazini.
- ▶ **Mache ak yon kat konnen-dwa-w epi montre li si yon ofisyé imigrasyon kanpe w.**
 - ▶ Kat la eksplike ke w ap rete an silans epi ke ou vle pale avèk yon avoka. Ou ka itilize kat ki anba a nan dokiman sa a.
- ▶ **Pa louvri pòt ou.**
 - ▶ Pou yo gen otorizasyon pou rantre lakay ou, ICE dwe gen yon manda ke yon jij siyen. Pa louvri pòt ou sof si yon ajan ICE montre w yo manda. (Yo prèske pa janm gen youn). Si yon ajan ICE vle montre w yon manda, yo ka plake l sou yon fenèt oswa glise l anba pòt la. Pou li valid, manda a dwe gen non w ak adrès kòrèk ou sou li.
 - ▶ Ou pa bezwen louvri pòt la pou w pale ak yon ajan ICE. Depi w louvri pòt la, li pi difisil pou w refize reponn kesyon.

- ▶ **Se dwa w pou w pale ak yon avoka.**
 - ▶ Ou ka jis di, "Mwen bezwen pale avèk avoka m (I need to speak to my attorney)."
 - ▶ Ou kapab gen avoka w avèk ou si ICE oswa lòt otorite ki responsab aplikasyon lalwa poze w kesyon.
- ▶ **Anvan w siyen nenpòt dokiman, pale ak yon avoka.**
 - ▶ ICE ka eseye fè w siyen dokiman ki di ou renonse a dwa w genyen pou wè yon avoka oswa yon jij. Asire w ke ou byen konprann sa dokiman an di *anvan* ou siyen l.
- ▶ **Toujou mache ak nenpòt dokiman imigrasyon valid ke w genyen.**
 - ▶ Pa egzanp, si w gen yon pèmi travay oswa yon kat rezidans (grinkat) ki valid, asire w ke w genyen l avèk ou si w bezwen montre l pou idantifife tèt ou.
 - ▶ Si w gen yon dosye imigrasyon ki annatant, tankou yon demann azil, yon dosye nan tribunal imigrasyon, oswa yon apèl ki annatant, mache ak prèv dosye sa a ou genyen ki annatant lan.
 - ▶ Pa mache ak papye ki soti nan yon lòt peyi, tankou yon paspò etranje. Yo ka sèvi ak papye sa yo kont ou nan pwoesisis depòtasyon an.
- ▶ **Si ou te viv Ozetazini pandan plis pase de (2) lane, mache ak prèv epi montre l bay yon ofisyé imigrasyon si yo arete w.**
 - ▶ Si w pa gen papye, mache ak prèv ke ou Ozetazini pandan plis pase de (2) lane, epi montre l bay yon ofisyé imigrasyon si yo arete w. Sa pa ka anpeche depòtasyon, men li ka anpeche l rive san ou pa jwenn chans wè yon jij.
 - ▶ Prèv yo ka gen ladan yon kontra lwaye ki siyen, dokiman ki soti nan legliz oswa nan lekòl ki gen adrès ou sou yo, oswa tenb sou kourye lapòs ou te resevwa nan adrès lakay ou. Ou ka vle mache ak kopi dokiman sa yo olye de orijinal yo, konsa ou pa riske pèdi yo.
 - ▶ Si yo arete w e y ap trete dosye w la yon fason akselere epi ou pè retounen nan peyi dorijin ou, deklare pè sa a byen fò e byen klè chak fwa ou jwenn okazyon an.

- ▶ **Si w enkyete ke ICE ap arete w, fè ofisye a konnen si w gen timoun.**
 - ▶ Si w se paran oswa moun prensipal k ap okipe yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan ki poko gen laj 18 lane, ICE gendwa “egzèse diskresyon” epi kite w ale.

ICE ak lòt otorite ki responsab aplikasyon lalwa ka panse yo ka vyole dwa ou san konsekans. Pafwa, ofisye ICE yo bay moun manti pou fè yo louvri pòt yo oswa siyen pou yo renonse ak dwa yo. **Si ou enkyete ke ou menm oswa moun pwòch ou yo gen risk pou imigrasyon arete nou, men sa ou ka fè:**

- ▶ **Kreye yon plan sekirite.**
 - ▶ Kenbe nimewo telefòn yon zanmi nan tèt ou, yon manm fanmi, oswa yon avoka ou ka rele si yo arete ou.
 - ▶ Si w okipe timoun oswa lòt moun, prepare yon plan pou asire yo resevwa swen si yo mete w nan detansyon.
 - ▶ Kenbe dokiman enpòtan tankou sètifikasi nesans ak dokiman imigrasyon yo yon kote ki an sekirite kote yon zanmi oswa yon manm fanmi ka jwenn yo si sa nesesè.
 - ▶ Asire w ke moun pwòch ou yo konnen kijan pou yo jwenn ou si ICE mete w nan detansyon. Yo ka itilize lokalizasyon prizonye ICE yo sou entènèt (<https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>) pou jwenn yon adilt ki nan prizon imigrasyon. Oswa yo ka rele biwo lokal ICE la. (<https://www.ice.gov/contact/ero>). Asire w yo gen *nimewo anrejistrem an etranje (alien registration number)* w la ekri, si w genyen youn.
 - ▶ Ou ka rele nimewo liy dirèk Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (Executive Office for Immigration Review, EOIR) an nan 1-800-898-7180 (gratis) 24 sou 24, 7 jou pa semèn pou jwenn enfòmasyon sou estati dosye w la.
- ▶ **Rapòte epi anrejistre desant ak arrestasyon yo.**
 - ▶ Si li posib e li san danje pou ou fè sa, pran foto ak vidéyo desant lan oswa arrestasyon an. Epitou pran nòt sou sa k pase a.

- ▶ Pou rapòte yon desant, antre an kontak ak òganizasyon lokal pou dwa imigran yo, <https://www.informedimmigrant.com/help/>. Yo ka konnen patnè lokal k ap kolekte enfòmasyon sa yo.
- ▶ **Jwenn èd jiridik.**
 - ▶ Ou ka jwenn òganizasyon san bi likratif ki bay èd nan pri ki ba sou www.immigrationlawhelp.org.
 - ▶ Tribunal imigrasyon yo gen yon lis avoka ak òganizasyon ki bay sèvis jiridik gratis: www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map.
 - ▶ Nan [https://www.immi.org/en/Info/FindLegalHelp](http://www.immi.org/en/Info/FindLegalHelp) gen yon zouti rechèch kote ou ka tape yon kòd postal epi apresa y ap ba ou yon lis tout sèvis jiridik ki tou pre w yo.
 - ▶ Ou ka chèche yon avoka imigrasyon lè w itilize anyè sou entènèt Asosyasyon Ameriken Avoka Imigrasyon (American Immigration Lawyers Association) an, www.ailalawyer.com.
 - ▶ Pwojè Imigrasyon Nasyonal (National Immigration Project) Kòporasyon Nasyonal Avoka (National Lawyers Guild) yo genyen tou yon zouti pou jwenn yon avoka sou entènèt:
<https://nipnlg.org/work/find-attorney>.

APRANN KONN DWA W!

Si imigrasyon oswa lapolis kanpe w:

- ▶ Bay ofisye a kat sa a epi rete an silans.
- ▶ Kat la eksplike ke w ap egzèse dwa w pou w refize reponn nenpòt kesyon toutotan ou pa pale ak yon avoka.

Pou: Imigrasyon oswa Lòt Ofisye

Kounye a mwen chwazi egzèse dwa jiridik mwen yo.

- ▶ M ap rete **an silans**, epi mwen refize reponn kesyon w yo.
- ▶ Si yo mete m nan detansyon, se dwa m pou m kontakte yon avoka **touswit**.
- ▶ Mwen refize siyen nenpòt dokiman san konsèy yon avoka.

Mèsi.